Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy and Environmental Affairs

# Department of Environmental Protection

**Address**: 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston MA 02114 | **Phone**: 617-292-5500

| **Maura T. Healey** | **Kim Driscoll** | **Rebecca Tepper** | **Bonnie Heiple** |
|---|---|---|---|
| Governor | Lieutenant Governor | Secretary | Commissioner |


**AVI SOU ODYANS PIBLIK**

Nòtifikasyon pou Odyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Espanyòl -- Vyetnamyen -- Chinwa -- Kreyòl Ayisyen -- Pòtigè -- Kamè) sou sitwèb MassDEP la nan adrès sa a: https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities

N ap fè konnen ke Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP) ap pwopoze amandman nan 310 CMR 46.00, *Sètifikasyon Moun k ap Fè Twou Pwi ak Depo Rapò Fini Pwi*, dapre M.G.L. c. 21G, §§ 21 ak 40. Amannman yo vize sitou pou reflete nati entèdisiplinè travay k ap fèt nan endistri foraj pi jodi a, epi pou asire ke tout pwofesyonèl nan endistri a genyen fòmasyon, konesans, ak eksperyans ki nesesè pou fè travay sa a. Tèks regilasyon pwopoze a ak materyèl enfòmasyonèl yo disponib ansanm ak Avi Odyans Piblik sa a sou sitwèb MassDEP la nan adrès sa a: https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities

MassDEP pral fè de odyans piblik vityèl sou Zoom nan dat ak lè sa yo pou resevwa kòmantè sou chanjman yo pwopoze yo. Y ap fè yon prezantasyon enfòmasyon pandan yon demi èdtan anvan chak odyans kòmanse. **Fòk ou anrejistre davans**.

**Mèkredi 18 Novanm 2026**
**1:00 PM – Sesyon Enfòmasyon; 1:30 PM - Odyans Piblik**
Tanpri itilize lyen sa a pou w anrejistre davans pou sesyon enfòmasyon ak odyans sa a:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/RzzCS0PhRre2Lt7Gx5hkFg#/registration

**Mèkredi 18 Novanm 2026**
**5:30 PM – Sesyon Enfòmasyon; 6:00 PM - Odyans Piblik**
Tanpri itilize lyen sa a pou w anrejistre davans pou sesyon enfòmasyon ak odyans sa a:
https://us06web.zoom.us/meeting/register/OGLU7aQtS0ycjpWL5rZoxg#/registration

Yo ka prezante temwayaj oralman nan odyans piblik la. Kòmantè ekri ap aksepte jiska 5:00 pm **31 desanm 2026.** Depatman an ankouraje soumèt elektwonik pa imèl nanprogram.director-dwp@mass.gov epi li dwe gen "*Well Services Regulation Comments*" nan liy sijè a. Kòmantè ekri yo ka voye tou pa lapòs bay Julie Butler, pou atansyon: *Kòmantè sou Règleman Sèvis Pwi*, Pwogram Pwoteksyon Pwi MassDEP, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

Pou aranjman espesyal, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP la nan 617-292-1282. Nimewo TTY Sèvis MassRelay la se 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan yon lòt fòma sou demann. MassDEP bay sèvis entèpretasyon/tradiksyon gratis pou moun ki pa metrize lang angle a. Si w bezwen yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon yo nan lyen sa a: https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance.

Pa Lòd Depatman Pwoteksyon Anviwònman
Bonnie Heiple, Komisyonè